

D E K R È E G Z E K I T I F

Kontinyasyon ak Ekspirasyon Dekrè Egzekitif ki Te la Avan yo

ETANDONE, dapre Dekrè Egzekitif Nimewo 1 an, gen yon revizyon ki te fèt pou tout Dekrè Egzekitif ak amannman yo ki anvige nan dat sa a;

ETANDONE, pandan moman revizyon sa a, yo te detèmine ke Dekrè Egzekitif yo pa nesesè, yo obsolèt oswa pa dwe kontinye;

ETANDONE, yo te detèmine tou ke kèk Dekrè Egzekitif yo ap trete pwoblèm ki ankou yo e yo dwe kontinye; epi

ETANDONE, li enpòtan pou idantifye pou piblik la Dekrè Egzekitif ki rete anvige yo ak sa yo ki pa valab ankò yo;

KOUNYE A, PA KONSEKAN, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, selon otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo ban mwen, mwen bay lòd, nan dokiman sa a, apre konsiderasyon, deliberasyon ak revizyon, tout Dekrè Egzekitif ke Gouvènè anvan yo aboli, anile ak revoke nan entegralite yo, sof pou Dekrè Egzekitif ki defini anba a yo ak nenpòt amannman ladan, ki dwe rete anvige sof si otreman yo anile, ranplase oswa modifye yo; epi

I. Dekrè Egzekitif Gouvènè Nelson A. Rockefeller yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif No. 42, te pibliye nan 14 oktòb 1970 (Ki gen rapò ak pwosedi pou soumisyon ak règleman kèk doleyans anplwaye Eta a yo).

II. Dekrè Egzekitif Gouvènè Mario M. Cuomo yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif Nimewo 5, te pibliye nan 16 fevriye 1983 (Kreye Divizyon Fanm nan Cham Egzekitif la);
- b. Dekrè Egzekitif Nimewo 7, te pibliye nan 18 fevriye 1983 (Kreye yon Komite Konsilitatif Gouvènè pou Zafè Ispanik);
- c. Dekrè Egzekitif Nimewo 8, te pibliye nan 25 fevriye 1983 (Òdone ajans yo nan Eta a pou konsidere pratik relasyon travay lè y ap bay kontra Eta a yo);
- d. Dekrè Egzekitif Nimewo 11, te pibliye nan 26 avril 1983 (Elaji adezyon an ak pouvwa Komite Kowòdinasyon Valè Mobilyè yo);
- e. Dekrè Egzekitif Nimewo 12, te pibliye nan 3 me 1983 (Òdone Biwo Eta a pou Vyeyisman pou revize ak kòmantè politik ki afekte moun aje yo);
- f. Dekrè Egzekitif Nimewo 17, te pibliye nan 31 me 1983 (Kreye Règleman Eta a sou Enstitisyon Prive ki Diskriminen yo);
- g. Dekrè Egzekitif Nimewo 19, te pibliye nan 31 me 1983 (Deklarasyon Règleman Eta New York sou Agresyon Seksyèl nan Espas Travay la);
- h. Dekrè Egzekitif Nimewo 23, te pibliye nan 1ye septanm 1983 (Kreye Biwo Medyatè Eta New York);
- i. Dekrè Egzekitif Nimewo 26, te pibliye nan 7 oktòb 1983 (Òdone Biwo Defans Eta a pou Andikape pou revize kòmantè règleman ki afekte moun andikape yo);
- j. Dekrè Egzekitif Nimewo 34, te pibliye nan 13 janvye 1984 (Kreye Konsèy Konsilitatif sou Dwa Imen nan Eta New York);
- k. Dekrè Egzekitif Nimewo 46, te pibliye nan 28 out 1984 (Nonmen Kanpis Biwo Bilding Eta a nan Albany Kanpis Bilding Biwo Eta Kanpis Gouvènè W. Averell Harriman);

- l. Dekrè Egzekitif Nimewo 56, te pibliye nan 20 desanm 1984 (Kreye Gwoup Travay Eta New York sou Lavi ak Lalwa);
- m. Dekrè Egzekitif Nimewo 66, te pibliye nan 5 jen 1985 (Kreye yon Komite Konsiltatif Gouvènè pou Zafè Nwa);
- n. Dekrè Egzekitif Nimewo 77, te pibliye nan 31 oktòb 1985 (Kreye adezyon nan Komisyón Martin Luther King, Jr.);
- o. Dekrè Egzekitif Nimewo 80, te pibliye nan 21 mas 1986 (Planifikasyon jistis jivenil);
- p. Dekrè Egzekitif Nimewo 82, te pibliye nan 2 me 1986 (Kreye Biwo Zafè Ispanik Gouvènè a);
- q. Dekrè Egzekitif Nimewo 95, te pibliye nan 15 avril 1987 (Deziyen Komisyón Preparasyon pou Katastwòf kòm Komisyón Repons Ijans Eta a);
- r. Dekrè Egzekitif Nimewo 96, te pibliye nan 27 avril 1987 (Pwomouvwa Règleman Eta New York kont diskriminasyon sou laj nan espas travay la);
- s. Dekrè Egzekitif Nimewo 97, te pibliye nan 27 avril 1987 (Deziyen Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a kòm Ajans Eta a pou kowòdone ak apwouve pwogram sekirite sou otowout Eta a);
- t. Dekrè Egzekitif Nimewo 98, te pibliye nan 13 me 1987 (Kreye yon nouvo Konsèy Eta a sou Ansèyman Medikal Siperyè);
- u. Dekrè Egzekitif Nimewo 100, te pibliye nan 31 out 1987 (Nonmen Biwo Bilding Eta nan Watertown lan, Bilding Biwo Eta nan Dulles la);
- v. Dekrè Egzekitif Nimewo 111, te pibliye nan 11 out 1988 (Òdone Pwokirè Jeneral la pou mande enfomasyon sou zafè krim ki gen rapò ak prejje);
- w. Dekrè Egzekitif Nimewo 114, te pibliye nan 9 desanm 1988 (Nonmen Biwo Bilding Eta nan Poughkeepsie, Bilding Biwo Eta nan Eleanor);
- x. Dekrè Egzekitif Nimewo 125, te pibliye nan 22 me 1989 (Kreye yon Konsèy ki kontrakte ajans);
- y. Dekrè Egzekitif Nimewo 131, te pibliye nan 4 desanm 1989 (Kreye plan abitraj administratif);
- z. Dekrè Egzekitif Nimewo 147, te pibliye nan 31 jiyè 1991 (Kreye yon Biwo sou Relasyon Endyen);
- aa. Dekrè Egzekitif Nimewo 150, te pibliye nan 9 oktòb 1991 (Itilizasyon Nouvo Teren ak Developman pa ajans Eta yo nan Pak Adirondack la);
- bb. Dekrè Egzekitif Nimewo 158, te pibliye nan 23 jen 1992 (Nonmen Bilding Laboratwa New Scotland Avenue, Enstiti pou Sante Biblik David Axelrod);
- cc. Dekrè Egzekitif Nimewo 169, te pibliye nan 22 mas 1993 (Òdone Ajans Eta a yo pou Aji Regilyèman avèk Plan Jesyon Rivyè Wo Delaware);
- dd. Dekrè Egzekitif Nimewo 170.1, te pibliye nan 23 jen 1993 (Kreye Direktiv Inifòm pou Detèmine Responsabilite Soumisyonè yo); epi
- ee. Dekrè Egzekitif Nimewo 179, te pibliye nan 30 desanm 1993 (Kreye Komisyón Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè).

III. Dekrè Egzekitif Gouvènè George E. Pataki yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif Nimewo 26.1, te pibliye nan 28 septanm 2006 (Enkòpore Sistèm Jesyon Ensidan Nasional la kòm Sistèm Jesyon pou Repons Ijans);
- b. Dekrè Egzekitif Nimewo 40, te pibliye nan 26 jiyè 1996 (Òdone Ajans Eta a pou Anrejistre Kredi pou Rediksyon Emisyon);
- c. Dekrè Egzekitif Nimewo 49, te pibliye nan 12 fevriye 1997 (Kreye Pwosedi pou Konsidere, nan Kapasite Pwopriyetè li, Itilizasyon Youn oswa Plizyè Akò Travay an rapò ak Pwojè a);
- d. Dekrè Egzekitif Nimewo 51, te pibliye nan 20 me 1997 (Aktivite Ajans Eta a yo Nan Basen Vèsan Vil New York);
- e. Dekrè Egzekitif Nimewo 57, te pibliye nan 23 oktòb 1997 (Kreye Konsèy Pwoteksyon Basen Vèsan ak Patenarya Konsiltatif Vil New York);
- f. Dekrè Egzekitif Nimewo 83, te pibliye nan 1ye jiyè 1998 (Kreye Meday Libète Jackie Robinson Empire State ak Komisyón Meday Libète Jackie Robinson Empire State);
- g. Dekrè Egzekitif Nimewo 86, te pibliye nan 19 out 1998 (Kreye Enspektè Jeneral Basen Vèsan Vil New York);
- h. Dekrè Egzekitif Nimewo 116, te pibliye nan 7 janvye 2002 (Rekonstitiye Gwoup Travay Jesyon Sechrès Eta a);
- i. Dekrè Egzekitif Nimewo 117, te pibliye nan 28 janvye 2002 (Kreye Pòs Ofisyè Enfòmasyon an Chèf (CIO) nan Eta New York);
- j. Dekrè Egzekitif Nimewo 125, te pibliye nan 24 mas 2003 (Òdone Reponsab Eta yo pou Asire ke Pwoteksyon Apwopriye yo ak Avantaj yo Pwolonje pou Manm Fòs Lame Rezèv Etazini ak Milis Organize Eta New York);
- k. Dekrè Egzekitif Nimewo 128, te pibliye nan 16 jen 2003 (Deziyasyon Kòporasyon Developman Ba Manhattan pou Reyalize Revizyon Enpak Anviwòmantal ak Ranpli Egzijans pou Resepsyon Èd Federal nan Koneksyon Avèk Reyamenajman Ba Manhattan Apre Atak Teworis 11 septanm 2001 an); epi
- l. Dekrè Egzekitif Nimewo 142, te pibliye nan 21 novanm 2005 (Òdone Ajans Eta yo ak Otorite pou Divèrsifye Kabiran Transpò ak Founiti Lwil Chofaj Atravè Itilizasyon Byokabiran nan Veyikil ak Bilding yo).

IV. Dekrè Egzekitif Gouvènè Eliot L. Spitzer yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif Nimewo 3, te pibliye nan 1ye janvye 2007 (Pwomosyon Aksè Biblik nan Priz Desizyon Gouvènman an);
- b. Dekrè Egzekitif Nimewo 9, te pibliye nan 5 mas 2007 (Òdone Komisè Depatman Sèvis Koreksyonèl pou Entèdi Kèk Agresè Patisipe nan Pwogram Liberasyon Tanporè yo);

- c. Dekrè Egzekitif Nimewo 13, te pibliye nan 18 me 2007 (Kreye Konsèy sou Règleman Alimantè Eta New York la);
- d. Dekrè Egzekitif Nimewo 17, te pibliye nan 5 septanm 2007 (Kreye Gwoup Travay Ranfòsman Konjwent sou Move Klasifikasyon Anplwaye);
- e. Dekrè Egzekitif Nimewo 19, te pibliye nan 22 oktòb 2007 (Egzije Adopsyon Vyolans Domestik ak Règleman sou Espas Travay);

V. Dekrè Egzekitif Gouvènè David A. Paterson yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif Nimewo 4, te pibliye nan 25 avril 2008 (Kreye yon Pwogram Eta sou Apwovizyonman Vèt ak Dirabilite Ajans);
- b. Dekrè Egzekitif Nimewo 6, te pibliye nan 4 jen 2008 (Asire Rantabilite Kontra pou Sèvis Pèsonèl);
- c. Dekrè Egzekitif Nimewo 7, te pibliye nan 18 jen 2008 (Entèdi Kont Itilizasyon Pèsonèl Pwopriyete Eta ak Kontribisyon Kanpay bay Gouvènè a);
- d. Dekrè Egzekitif Nimewo 16, te pibliye 15 avril 2009 (Etabli Konsèy Etatik Kolaborasyon sou Adiksyon pou Amelyore Rezilta pou Nouyòkè yo (ACTION));
- e. Dekrè Egzekitif Nimewo 17, te pibliye nan 27 avril 2009 (Kreye Mezi pou Evalye Depans Manda yo sou Gouvèvnman Lokal la pou Defann Soulajman Taks sou Pwopriye);
- f. Dekrè Egzekitif Nimewo 18, te pibliye nan 5 me 2009 (Limite Itilize Dlo nan Boutèy nan Etablisman Eta ak Ankouraje Dirabilite Ajans Egzekitif);
- g. Dekrè Egzekitif Nimewo 20, te pibliye nan 29 me 2009 (Nonmen Bilding Jistis Eta, Bilding Robert Abrams pou Lwa ak Jistis);
- h. Dekrè Egzekitif Nimewo 24, te pibliye nan 6 out 2009 (Kreye yon Objektif pou Redui Emision Gaz Efè Sè yo nan katreven poustan rive nan ane 2050 ak Prepare yon Plan Chanjman Klimatik);
- i. Dekrè Egzekitif Nimewo 31, te pibliye nan 25 novanm 2009 (Prezante Responsabilite, Devwa ak Pouwva Komisyon Sipèvizon Estimilis);
- j. Dekrè Egzekitif Nimewo 32, te pibliye nan 14 desanm 2009 (Kreye Gwoup Travay Gouvènè a sou Aplikasyon Lwa Refòm Otorite Piblik 2009 la);
- k. Dekrè Egzekitif Nimewo 33, te pibliye nan 16 desanm 2009, Entèdi Diskriminasyon nan Travay Eta a sou baz Idantite Seksyal);
- l. Dekrè Egzekitif Nimewo 35, te pibliye nan 18 fevriye 2010 (Anile Seksyon II Dekrè Egzekitif 142);
- m. Dekrè Egzekitif Nimewo 38, te pibliye nan 8 jen 2010 (Kontinye Gwoup Travay sou Aplikasyon Lwa Refòm Otorite Piblik la);
- n. Dekrè Egzekitif Nimewo 39, te pibliye nan 4 novanm 2010 (Kreye Règleman Eta pou Pwomosyon Fèm Lokal Dirab ak Pwoteksyon Teren Agrikòl);
- o. Dekrè Egzekitif Nimewo 41, te pibliye nan 13 desanm 2010 (Egzije Plis Revizyon Anviwòmantal Fratik Idwolik ki gen Gwo Volim nan Fòmasyon Marcellus);
- p. Dekrè Egzekitif Nimewo 42, te pibliye nan 13 desanm 2010 (Kreye yon Règleman sou Jesyon Dosye Chanm Egzeikitif);

VI. Dekrè Egzekitif Gouvènè Andrew M. Cuomo yo ap kontinye

- a. Dekrè Egzekitif Nimewo 1, te pibliye nan 1ye janvye 2011 (Retire Obstak kont Gouvènman Eta a);
- b. Dekrè Egzekitif Nimewo 3, te pibliye nan 2 janvye 2011 (Fòmasyon sou Etik);
- c. Dekrè Egzekitif Nimewo 10, te pibliye nan 2 mas 2011 (Redui Depans pou Kontra sèvis Pèsonèl);
- d. Dekrè Egzekitif Nimewo 11, te pibliye nan 2 mas 2011 (Preskri Pwosedi pou Atribiye Kredi Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb nan Eta a nan kad Seksyon 42 Kòd Revni Entèn Etazini an);
- e. Dekrè Egzekitif Nimewo 15, te pibliye nan 27 avril 2011 (Kreye Komite Depistaj Jidisye);
- f. Dekrè Egzekitif Nimewo 26, te pibliye nan 6 oktòb 2011, (Règleman sou Aksè nan Lang nan tout Eta a) ak Dekrè Egzekitif Nimewo 26.1, te pibliye nan 23 mas 2021 (Règleman sou Aksè nan Lang nan tout Eta a);
- g. Dekrè Egzekitif Nimewo 88, te pibliye nan 28 desanm 2012 (Òdone Ajans yo nan Eta a epi Otorite pou Amelyore Efikasite Enèji Bilding Eta yo);
- h. Dekrè Egzekitif Nimewo 95, te pibliye nan 11 mas 2013 (Itilize Teknoloji pou Ankouraje Transparans, Amelyore Pèfòmans Gouvènman ak Amelyore Angajman Sitwayen);
- i. Dekrè Egzekitif Nimewo 110, te pibliye nan 17 jiyè 2013 (Kreyasyon Mohawk Valley ak Pwogram 2013 sou Rekiperasyon apre Inondasyon nan Nò Eta a);
- j. Dekrè Egzekitif Nimewo 130, te pibliye nan 20 mas 2014 (Kreye Konsèy sou Veteran, Manm Militè ak Fanmi yo nan Eta New York);
- k. Dekrè Egzekitif Nimewo 147, te pibliye nan 8 jiyè 2015 (Yon Pwokirè Espesyal pou Envestige ak Pouswiv Zafè ki gen Rapò ak Lanmò Sivil Ofisyè Lapolis Lakòz); 147.28, te pibliye nan 4 oktòb 2019; 147.36, te pibliye nan 15 jiyè 2020; 147.37, te pibliye 15 jiyè 2020; 147.38, te pibliye nan 15 jiyè 2020; 147.40, te pibliye nan 7 oktòb 2020; 147.41, te pibliye nan 28 desanm 2021; 147.42, te pibliye nan 4 janvye 2021;
- l. Dekrè Egzekitif Nimewo 156, te pibliye nan 5 avril 2016 (Entèdi Vwayaj nan Mississippi Eta a Finanse oswa Eta a Esponnsorize);
- m. Dekrè Egzekitif Nimewo 157, te pibliye nan 5 jen 2016 (Òdone Ajans Eta yo ak Otorite yo pou Dezenvesti Fon Piblik ki Sipòte Kanpay BDS Kont Izrayèl);
- n. Dekrè Egzekitif Nimewo 159, te pibliye nan 20 jiyè 2016 (Kreye yon Gwoup Travay Konjwent Pèmanan pou Konbat Eksplwatasyon Travayè ak Move Klasifikasyon Anplwaye);

- o. Dekrè Egzekitif Nimewo 161, te pibliye nan 9 janvye 2017 (Asire Ekite Peman bò kote Anplwayè Eta a yo);
- p. Dekrè Egzekitif Nimewo 162, te pibliye nan 9 janvye 2017 (Asire Ekite Peman bò kote Kontraktè Eta a yo);
- q. Dekrè Egzekitif Nimewo 166, te pibliye nan 1ye jen 2017 (Redouble Batay New York Kont Menas Ekonomik ak Anviwònmantal Chanjman Klimatik te Poze ak Afime Objektif Akò sou Klima Paris la);
- r. Dekrè Egzekitif Nimewo 167, te pibliye nan 9 janvye 2017 (Entèdiksyon Pou Konpayi Asirans Ki Kite NY State Of Health la, ki se Mache Plan Asirans Sante Ofisyèl New York la);
- s. Dekrè Egzekitif Nimewo 169, te pibliye nan 24 jiyè 2017 (Règleman Eta a Konsènan Enskripsiyon Elektè);
- t. Dekrè Egzekitif Nimewo 170, te pibliye nan 15 septanm 2017 (Règleman Eta a Konsènan Aksè Imigran ak Sèvis nan Eta a yo);
- u. Dekrè Egzekitif Nimewo 171, te pibliye nan 16 oktòb 2017 (Règleman sou Donasyon Ògàn);
- v. Dekrè Egzekitif Nimewo 175, te pibliye nan 24 janvye 2018 (Asire Pwoteksyon Netralite Entènèt pou Nouyòkè yo);
- w. Dekrè Egzekitif Nimewo 177, te pibliye nan 22 fevriye 2018 (Entèdi Kontra Eta a Avèk Antite Ki Sipòte Diskriminasyon yo);
- x. Dekrè Egzekitif Nimewo 180, te pibliye nan 2 avril 2018 (Deklare yon Katastwòf sou Lojman Piblik nan Konte Bronx, Kings, New York, Quees ak Richmond);
- y. Dekrè Egzekitif Nimewo 183, te pibliye nan 27 janvye 2018 (Pwoteje Vi Prive Pèsonèl Travayè nan Sektè Piblik la);
- z. Dekrè Egzekitif Nimewo 184, te pibliye nan 9 jiyè 2018 (Pwoteje Aksè Fanm pou Kontrasepsyón);
- aa. Dekrè Egzekitif Nimewo 185, te pibliye nan 13 out 2018 (Kreye Komisyon Pou Jwèt Inivèsité Mondyal 2023 epi Reflete Sipò Eta ap Bay Jwèt yo);
- bb. Dekrè Egzekitif Nimewo 187, te pibliye nan 23 out 2018 (Garanti Divèsite ak Enklizyon epi Konbat Asèlman ak Diskriminasyon Nan Espas Travay);
- cc. Dekrè Egzekitif Nimewo 190, te pibliye nan 14 novanm 2018 (Enkòpore Sante Atravè Tout Règleman yo nan Aktivite Ajans Eta yo);
- dd. Dekrè Egzekitif Nimewo 192, te pibliye nan 15 janvye 2019 (Dekrè Egzekitif ki Enpoze Kontinyasyon Egzijans sou Entegrite Vandè nan Kontra Eta a yo);
- ee. Dekrè Egzekitif Nimewo 196, te pibliye nan 12 septanm 2019 (Sa gen ladan Prevansyon Sigarèt Elektwonik Nan tout Pwogram ak Materyèl Prevansyon ak Sesasyon Tabak epi Deplwaman Pwogram Edikatif Konplè pou Timoun Lekòl yo);
- ff. Dekrè Egzekitif Nimewo 198, te pibliye nan 20 novanm 2019 (Deklare yon Katastwòf nan Konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne) ak sikesè li jiska epi enkli Dekrè Egzekitif Nimewo 198.19;
- gg. Dekrè Egzekitif Nimewo 201, te pibliye nan 14 fevriye 2020 (Nonmen State University Of New York Plaza, Bilding H. Carl Mccall Suny);
- hh. Dekrè Egzekitif Nimewo 211, te pibliye nan 6 jiyè 2021 (Deklarasyon yon Eta Dijans Poutèt Katastwòf nan Tout Eta a Akòz Vyolans ak Zam) ak sikesè li jiska epi enkli Dekrè Egzekitif Nimewo 211.1 an;
- ii. Dekrè Egzekitif Nimewo 212, te pibliye nan 19 out 2021 (Deklare yon Katastwòf nan Konte Steuben);
- jj. Dekrè Egzekitif Nimewo 213, te pibliye nan 21 out 2021 (Deklare yon Katastwòf Nan Konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Queens, Richmond, Suffolk, Westchester, Putnam, Rockland, Orange, Dutchess, Sullivan, Columbia, Delaware, Greene, Broome, Chenango, Otsego, Rensselaer, Schoharie, Albany, Montgomery, Schenectady, Saratoga, ak Konte ki Alantou yo).

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan
uityèm jou mwa oktòb nan ane de mil
venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a